

## BAB V PANUTUP

### 5.1 Kacindekan

Dumasar analisis data dina bab opat, bisa dicindekkeun kana sawatara poin saperti ieu di handap.

#### 5.1.1 Struktur

Dumasar kana hasil analisis struktur, tina dua kumpulan carpon nya éta *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas* bisa dicindekkeun sababaraha hal saperti ieu di handap:

- 1) Téma leuwih nyoko kana kamanusaan jeung sosial. Hal ieu lantaran carpon-carpon karya Darpan leuwih nyoko kana réalitas-réalitas anu aya dina kahirupan masarakat. Pangarang bisa mawa pamaca sangkan ngalaman hal anu dicaritakeun, atawa ngabayangkeun kumaha kajadian nu aya dina carita.
- 2) Galur anu dipaké ku Darpan loba ngagunakeun galur bobok tengah.
- 3) Palaku anu aya dina carpon-carpon karya Darpan diébréhkeun dumasar kana kaayaan di masarakat Sunda anu méré sugésti positif ka nu maca. Gambaran para palaku anu watekna hadé, jadi picontoeun jeung pieunteungeun keur nu maca.
- 4) Latar anu aya dina carpon-carpon karya Darpan leuwih loba ngagunakeun latar tempat pikeun ngahirupkeun carita sangkan karasa logis. Latar waktu jeung sosial dipaké pikeun tambahan kaayaan sosial masarakat. Hiji hal anu idéntik tina karya Darpan nya éta basana nu *unik* jeung latarna nu ngébréhkeun kaayaan pilemburan jeung kota.

#### 5.1.2 Étnopédagogik

Étnopédagogik anu leuwih museur kana atikan karakter dipaké pikeun nganalisis carpon karya Darpan anu judulna *Nu Harayang Dihargaan* jeung *Rusiah Kaopatwelas*. Atikan karakter anu leuwih

dominan aya dina *Tanggung Jawab* jeung *Rasa Hayang Nyaho*. Atikan *Tanggung Jawab* ngagambarkeun ngeunaan palsapah hirup nu kudu wani nyanghareupan sagala hal anu geus ditangtukeun jeung narima tina sakabéh keputusan sorangan. Atikan *Rasa Hayang Nyaho* mangrupa gambaran tina rasa alami manusa nu boga akal, pikeun mekarkeun kamampuh dirina sorangan.

## 5.2 Saran

Saréngséna ngayakeun panalungtikan (analisis), aya sababaraha hal anu disarankeun pikeun ka hareupna, nya éta:

- 1) Carpon saéstuna miboga ajén-inajén, boh sosial boh budaya. Dina kahirupan, ajén-ajén ieu sok kapopohokeun. Ku maca karya sastra dipiharep bisa muka deui lawang-lawang ma'na tina kahirupan.
- 2) Ieu panalungtikan bisa dituluykeun ku panalungtikan satuluyna keur kamekaran élmu pangaweruh widang sastra Sunda modérn wangun prosa.
- 3) Ieu hasil panalungtikan téh bisa aya mangpaatna dina widang atikan, nya éta bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan pangajaran sastra, utamana carita pondok di sakola.